АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№128 (23.286) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 7, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэмрэ Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыныкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж щыІэмрэ зэхуозэ

Дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Іуэхуклэ къэкІуа. Хьэрычэтыщ Іэхэм и хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыныкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж щыІэ Титов Борисрэ я зэІущІэ.

АБы щыТепсэлъыхьащ ди щыналъэм и экономикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм зегъэужьныныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм, бизнесым и Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ ират къэрал дэІепыкъуныгъэхэм. Псалъэм папщІэ, кІыхьагъэщхьэхуклащ Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыныкІэ уполномоченнэу УФ-м и Президентым и деж щыІэм и Іуэхущ Іапі Іэм инвестицэ проект щхьэхуэхэм елэжь хьэрычэтыщ Іэхэм пІалъэкІэ налогхэр ящхьэщыхыным теухуауэ къыхилъхьа жэрдэмым кІихьыну сэбэпынагъэхэр зыхуэдэм.

Гулъытэ хэха хуащ Іащ Іыхухэм зыхэпсэуэкІын лэжьыгъэкІэ зыкъызэрагъэпэщ Іыжыныныкі зэфІагъэкІыпхъэхэм, республикэм и щыналъэм технологие лъагэхэр къэзыгъэсэбэп предприятэхэр къыщызэгъэпэщыныпрэ лэжьапІэ Іэнатіэщ Іэхэр къызэІухыныкъым.

Зэ Іущ Іэм и кІэухым Титов Б. Ю. къыгъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр щыІэ хьэпэмэту зэрыщытыр, абы и щ Іыуэпсыр зэрыкъулейр, туризмэм, мэкъумэш хозяйствэм, ерыскъы промышленностым и Іэнатіэхэм бизнесым зыщегъэужьныныкІэ Іэмал гъуэзэджэхэр зэрыщыІэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

2016 гъэм и накъыгъэ - мэкъуауэгъуэ мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм дунейр зэкІэлъыныкІуэу зэрыщыщытам къыхэкІыу инфраструктурэм хэщІыныгъэ инхэр зэригъуэтам къыхэкІыу, «Цыхуэхэмрэ щыналъэхэмрэ щыуэпсым и къэхуклащІэхэмрэ техникэр къызэрагъэсэбэпымрэ къадзкІуэ къызэрыныкІуэ щытыкІэхэм ящхьэмэн и Іуэхуклэ» Федеральнэ законым, «Къызэрыныкі уэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьныныкІэ къэрал системэ зэгуэтым и Іуэхуклэ» 2003 гъэм дыгъэгъаэзм и 30-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ №794-м, «Щ Іыуэпсым и къэхуклащІэхэмрэ техникэр къызэрагъэсэбэпымрэ япыщІа къызэрыныкІуэ щытыкІэхэм я классификацэм и Іуэхуклэ» 2007 гъэм накъыгъэм и 21-м УФ-м и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэ №304-м тету:

1. 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м сыхьэти 9-м щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щыгъуэвын къызэрыныкІуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьныныкІэ къэрал системэ зэгуэтым и Къэбэрдей-Балъкъэр системэ къуэдзэм и къарухэмрэ Іэмалхэмрэ папщІэ къызэрыныкІуэ щытыкІэм и хабзэр.

2. Къызэрыныкі уэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьныныкІэ къэрал системэ зэгуэтым и Къэбэрдей-Балъкъэр системэ къуэдзэм и къарухэмрэ Іэмалхэмрэ папщІэ къызэрыныкІуэ Іуэхухэм хузэхьэзыру щытыныныкІэ щІыналъэ хабзэкэр 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м щегъэжьауэ гъэувын.

3. Къызэрыныкі уэ щытыкІэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьныным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ Іажьыгъэхэм я унафэщІу гъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и япэ къуэдзэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Къызэрыныкі уэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьныныкІэ, мафІэсым и шынагъуэ къэмыгъэхъунымкІэ и комиссэм и унафэщ Іэ Дадэ М. А.

4. Урысей Федерацэм Граждан зыхьыумэжьныгъэм и Іуэхуэмкіэ, къызэрыныкі уэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъуа гузэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьныныкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щы-Іэм чэнджэщ етын:

къызэрыныкі уэ щытыкІэм и лъэужьхэр гъэзэкІуэжьныныкІэ ведомствэхэм эдэй оперативнэ штабым и лэжьыгъэр къызэригъэпэщыну;

зэраныгъэ зыгъуэта ухуэныгъэхэр зэтегъуэвэжьым елэжь псоми я зэфІэкІхэр зэригъэуІуну.

5. «Гидрометеорологиемрэ дыкъызэрыуерейхь дунейм кІэлъыплъыныныкІэ Кавказ Ищхъэрэ управленэ» федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі Іэм и къудамэм Къэбэрдей-Балъкъэрым гидрометеорологиемрэ дыкъызэрыуерейхь дунейм кІэлъыплъыныныкІэ и центрым чэнджэщ етын республикэм щежэх псыхэр къызэрыум кІэлъыплъыныр къызэригъэпэщыну икІи хуей щыхъум деж гидрологие кІэлъыплъыныгъэмкІэ постхэр щІэуэ къызэІухыным пыщІа Іуэхуэхэр яубзыхуну;

6. Муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм я щыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын:

къызэрыныкі уэ щытыкІэхэм къахьа хэщІныгъэхэр зыхуэдизыр зыгъэтэмэмыж оперативнэ штабхэм я лэжьыгъэр къызэрагъэпэщыну;

къызэрыныкі уэ щытыкІэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьныным пыщІа Іуэхуэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ муниципальнэ ахъшэрэ мылъкуу къахуэзщІэгъэуІуэнур яубзыхуну;

къызэрыныкі уэ щытыкІэхэм я шынагъуэ къыщІкъуэжьым деж цІыхуэхэм хъыбар зэрырагъащІэ Іэмэпсымэхэм я щытыкІэр щІапщытыкІыну, цІыхуэхэм п Іащ Іэгъуэкі э хъыбар зэрырагъащІэ системэхэр щылажьэ щІыналъэхэм я гъунапкъэхэр яубзыхуну;

жылагъуэхэр псым щІигъэнэнкІэ, ятІэпсхэр дэуэнкІэ, бгы джабэхэр къриплъэсэхынкІэ шынагъуэ къыщыхъуам деж цІыхуэхэр зэрагъэІэпхъуэным хуэхьэзыру щытыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ,
2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м
№53-РГ

● Бахъсэн щІыналъэ

Партым и район къудамэм хэхыныгъэм зыхуегъэхьэзыр

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Бахъсэн район къудамэм и конференц дыгъуасэ екІуэкІащ. Абы щыхэплъащ Бахъсэн муниципальнэ районым и жылагъуэхэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныныкІэ я советхэм щыхахын папщІэ къагъэлъэгъуэнухэм я спискэхэм.

АПХУЭДЭУ партым и район къудамэм и тхьэмадэ Сыжажэ Хьэсэн къыхилъхьэри, делегатхэм Іэлэтіэ хахащ хэхакІуэ зэгухьэныгъэм къыбгьэдэкІ уполномоченнэ лІыкІуэр. А Іуэхум хиубыдэу конференцым хэтахэр тепсэлъыхьащ уполномоченнэ лІыкІуэм хуитыныгъэхэр етыныкІэ, ахэр щхьэщыхьжыныныкІэ унафэр партым и район къудамэм и политсоветым етыным.

Конференцым и кІуэхым абы хэтахэм зэдзэрэзыуэ къащтащ «Урысей зэкъуэт» партым и къудамэу Бахъсэн муниципальнэ районым щыІэр хэхыныгъэм ирихьлІэу зытелэжьэну программэр.

ЧЫЛАР Аринэ.

Бахъсэн районым и щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэм и лэжьакІуэ.

НэщІикІыж махуэшхуэр ягъэлъапІэ

Налшык дэт Мэжджыт Нэхъыщхьэм бадзэуэгъуэм и 5-м НэщІикІыж хьидым теухуа гуфІэгъуэ Іуэхугъуэхэр щызэхэтащ. Къызэхуэсахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, Парламентымрэ Правительствэмрэ къабгьэдэкІыу ехъуэхъуну абы кърихьэлІат КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къэдзэ Битокъу Владимир, республикэм Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІ КІуращын Анзор, абы и къуэдзэ Гергоков Джамболэт сымэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Мусылъымэн дин Іуэхущ Іапі Іэм и тхьэмадэ, муфтий Дзасэжь Хьэзрэталий УФ-м и Президент Путин Владимир и хъуэхъум къеджа нэужь хьид нэмэзыр къызэхуэсахэм яригъэщІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр мамырыгъэм, зэныбжьэгъугъэм кІыхуезыдижэ уаз Дзасэжьым иригъэкІуэкІащ.

Махуэшхуэ нэмэзыр зэфІэкІа нэужь къекІуэлІахэр мэжджытым и пщІантІэм щагъэхъэщІащ. Хабзэ зэрыхъуауэ, ныбжьыщІэхэм Іэмал ягъуэтащ ислъам диным теухуа сабий зэхьэзэхуэм хэтыну. Абы щытекІуэхэмрэ къыщыхэжаныкІахэмрэ саугъэтхэр хуагъэфэщащ. Къищынэмыщ Іауэ, дин Іуэхущ Іапі Іэм и лэжьакІуэхэм Іофыкіэ зэрылъхуржьи 200 сабийхэм хуагуэшащ

НэщІикІыжьхэм ныбжьыщІэхэр гъэлъапІэным щыпащащ Хьэтіохъущокъуэм и жыг хадэми. КЪБР-м и Мусылъымэн дин Іуэхущ Іапі Іэмрэ Налшык къалэ и администрацэмрэ зэращ Іылъа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, махуэ псом и кІыхьагъкІэ республикэм щыпсэуэхэмрэ и хьэщІэхэмрэ папщІэ аттракционхэмрэ зоопаркымрэ пщІэншэу лэжьащ. Іуэхущ Іапі Іэм къыбгьэдэкІыу муфтийм и къуэдзэ Сыжажэ Алим къекІуэлІахэм морожнэ 600 яхуигуэшащ. Дзасэжь Хьэзрэталий Налшык къалэ администрацэм фІыщІэ хуищІащ, цІыхуэхэм пщэнщэу я нэгу зрагъэужьыну Іэмал зэрыратам папщІэ.

Пщ Іыхьэщхьэм Мэжджыт Нэхъыщхьэм и пщІантІэм зэпеуэхэр щекІуэкІащ, саугъэтхэр щагуэшащ. Муслъымэн махуэшхуэм и щІыхькІэ хьэрэкІытІэхэр драгъэуеящ.

ГуфІэгъуэ зэІущ Іэхэр ди республикэм и адрей щІыпІэхэми щекІуэкІащ. Абыхэм цІыху куэд кърихьэлІащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэм

2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м, Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я урысейпсо махуэм и пэ къихуэу, Налшык и щІыпІэ администрацэмрэ ЗАГС-м и къалэ къудамэмрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІынущ жылагъуэ дамыгъэр - «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжынымрэ папщІэ» медалхэр - щрат пшыхь.

ДАМЫГЪЭР иратынущ жылагъуэм зиужьыным зи гуащІэ хэзылъхьа икІи быныфІхэр зыгъэса унагъуэ 20-м.

ЗэІущІэр къалэ администрацэм и пэшышхуэм щекІуэкІнущ, абы щІидзэнущ сыхьэт 14-м.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Къалэн нэхъыщхьэхэр

УФ-м и Къэрал Думэм и 7-нэ зэхуэсым и хэхыныгъэм хэтын папщІэ ягъэхьэзыра дэфтэрхэр къеІыэзыхыну лэжьакІуэ гуп къызэригъэпэщащ КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм. Абы и япэ зэІущІэр иджыблагъэ КЪБР-м и Правительствэм щекІуэкІащ.

ЛЭЖЬАКІУЭ гупым хохь КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм хэтхэр, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм я лыкІуэхэр. КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь Джаппуев Мусэ хъыбар зэригъащІащ абыхэм я къалэн нэхъыщхьэу щытыр къыІахьыну дэфтэрхэм къыщагъэлъэгъуам и пэжагъыр къэпщытэныр зэрыарар.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ дэфтэрхэр къызэрыІахьыну щыкІэмрэ щхьэж и пщэрыльу щытынымрэ. Джаппуев Мусэ къытеуВыащ хэхыныгъэм хэтыну хуей цІыхум щІэныгъэ зригъэгъуэтамрэ щылэжьамрэ къызэригъэлъагъуэм и мызакъуэу, и хэхъуэр къызыхэкІыр, и уней лъапсэм, и щхьэгъуэм е балигъ ныбжьым нэмысэ и бынхэм Урысейм къыщынэмыщІауэ, нэгъуэщІ къэралхэм щаІэ мылъкум теухуауэ дэфтэрхэр зэхуихьэсауэ щытын зэрыхуейм. Апхуэдэуи абы къигъэлъэгъуапхъэщ унагъуэм къигъэсэбэпа мылъкур зыхуэдизыр.

ЗэІущІэм гулъытэ хэха щыхуащІащ депутат хъуну хуейм и Іуэхур дзэзыІыгъэхэм я Іэщ Іэдзэр къызэрапщытэну Іэмалхэм. Къыхэгъэщ Іыпхъэщ хэхыныгъэхэм хэтын папщІэ депутат хъуну хуей цІыхум и телъхъэу Іэщ Іэдз 15977-рэ нэхъ мащІэ дыдэу къигъэлъэгъуэн зэрыхуейр. Джаппуевым зэрыжиІамкІэ, а Іуэхур зэрекІуэкІынум кІэлъыплъынущ КЪБР-м и МВД-м, МФЦ-м я лэжьакІуэхэр.

«Нэхъ ипэкІэ зэрыжысІащи, къытІэрыхьэ дэфтэрхэм я пэжагъыр Іэмал зэриІэкІэ лэжьакІуэ гупым зэхигъэкІын хуейщ. ЩІэх хэмыпТу, ди тегъэщ Іапі Іэр КЪБР-м, УФ-м я хабзэхэрщ, Урысейм и ХэхакІуэ комиссэм и унафэхэрщ», - дыщ Іигъуащ КЪБР-м и ХэхакІуэ комиссэм и секретарым.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Хэхыныгъэхэм хэтыну хуитыныгъэ зиІэ политикэ партхэм, апхуэдэуи хэхыныгъэхэм хэтын хуейуэ зи уставхэм къыщыгъэлъэгъуа жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм я спискэхэр 2-нэ напэкІуэцІым итщ.

НОБЭ

♦**Осетие Ищхъэрэм егъэлъапІэ Республикэм и махуэр**

♦**1687 гъэм** Ньютон Исаак къихутащ дунейм зыщІэзышІэ къару зэрыхъэлъэр.

♦**1918 гъэм** Советхэм я съездым унафэ къыщащтащ Кавказ Ищхъэрэ Республикэ къызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦**1920 гъэм** Антверпен (Бельгие) щыщІидзащ VII Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэм. Ар къызэрызІуахьи теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэкІэ щекІуэкІар щыщхьэуІум и 14-рщ.

♦**1923 гъэм** Азербайджан ССР-м хыхьэу къызэрагъэпэщащ Нагорнэ Карабах автономнэ областыр.

♦**1941 гъэм** Киев фашистыдзэхэм ящыхьуэмэным теухуа зауэзкІэм щІидзащ. ЗэпэщІэтыныгъэ гуащІэ фокІадэм и 26 пщІондэ екІуэкІауэ, къалэр нэмыщхэм иратри, советыдзэхэр икІуэтын хуей хъуат.

♦**1971 гъэм** КІыщокъуэ Алим СССР-м и Литературэ фондым и унафэщІу хахащ.

♦Белоруссием и цІыхубэ усакІуэ, зэдзэкІакІуэ, драматург, БССР-мрэ УССР-мрэ щІэныгъэхэмкІэ я академием и академикыуэ щыта **Купалэ Янкэ** (и цІэ-унэцІэ дыдэр **Луцевич Иванщ**) къызэралъхурэ илъэси 134-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, Іуэрыіуатэдж, литературовед, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, КЪБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Нало Заур** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Опернэ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ, Налшык мызэ-мытІэу щыІа **Образцовэ Еленэ** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, тхакІуэ, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист **Хъурмэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Италием щыщ композитор, уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ **Кутуньо Тото** (и цІэ дыдэр **Сальваторещ**) и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Политик, КЪБР-м и Парламентым и депутат **Іэпщэ Заур** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, Ямало-Ненецкэ автономнэ округым и Іэтащхьэ **Кобылкин Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонисткэ цІэрыІуэ, Олимп джэгуэхэм я дыщэ медалхэр тІэунейрэ къэзыхьа, дунейпсо чемпионатхэм хэнейрэ щытекІуа **Медведцевэ Ольгэ** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къэпкъ Іущ Іигъэ:

Щауэр зыгъэщауэр гуащэщи, гуащэр зэрыгуащэр и щэнщ.

● Политикэ партхэм

Щхьэгуэшым къелъытэ

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым Къэрал Думэм и 7-нэ зэхуэсым кІуэну яхуэфащэу къыгъэлъэгъуахэр щыхахынум и пэ къихуэу Іэлэту Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІам щытекІуа Щхьэгуэш Адэлбий партым и XV зэхуэсыр тэмэму екІуэкІауэ къилъытащ. Абы «Урысей зэкъуэтым» и хэхыныгъэхэм и пэ къихуэу программэр къыщащтащ, кандидатхэм я бжыгъэр щагъэбеладжылащ.

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» политикэ партым Къэрал Думэм и 7-нэ зэхуэсым игъэкІуэнухэм хагъэхьащ политикэ зэхэщІыкІ зиІэ, и партым и щІыхьыр нэхъри къэзыІэтыфыну щІыхьэр. Абы теухуауэ и елъытыкІэр жиІащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ хэхыгъуэм и депутат, «Урысей зэкъуэт» партым КИФЩІ-м щыІэ и щІыналъэ зэхуаку координацэ советым и унафэщІ Щхьэгуэш Адэлбий.

- «Урысей зэкъуэт» партым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ мы зэІущІэм. Мыбдеж щагъэбелджылащ депутат хъунухэр зэлэжьыну Іуэхугъуэхэр. Ахэр псори ди цІыхухэр нэхъ зыгъэпІейтейхэрщ, - жиІащ Щхьэгуэшым.

ПЕЧОНОВ Владиленэ.

ФІы дыдэу еджахэм я тхыльхэр иратыж

Нобэ, мэкъуаугъуэм и 7-м, Налшык и Театр щхьэнтІэм щекІуэкІыну зэІущІэм Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и дипломхэр щратыжынущ а еджапІэр фІы дыдэу къэзыІухахэм.

Ягъэува хабзэм тету, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр екІуэкІащ накъыгъэм и 27-м щегъэжьауэ мэкъуаугъуэм и 30 пщІондэ. Псори зэхэту ныбжьыщІэ 4773-м яташ щ экзаменхэр. Абыхэм ящыщу еджакІуэ 4315-р мы гъэм къэзыуухахэрщ, 458-р нэгъабэрейщ.

КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэм и унафэщІ Мыз Залинэ хъьбар къызэрыдигъэщІамкІэ, ЕГЭ-р щекІуэкІа щыпІэ 26-р зыхуей хуэзэу икІи дагъуэншэу къызэгъэпэщат. Школыр къэзыуухэсми, ЕГЭ-м и къызэрэпщакІуэхэми, жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэми телефонхэр щІрагъэхьакъым, пэш къэс видео камерэхэр щІэтащ. Экзаменхэр щекІуэкІа щІыпІэхэм яІащ сабийхэм я узынщагъэм щыкІэлъыплъ медпунктхэр.

ЕджапІэр къэзыуухэм и чэзум яІэрыхьащ ящІыжьи хуей лэжьыгъэхэр. Экзаменхэр зэрекІуэкІам теухуауэ зэпыу имыІэу жыджэру лэжьащ. КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и сайтхэр, егъэджэныгъэмкіэ щІыпІэ Іэнатіэхэр, егъэджэныгъэмкіэ щыІэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэр, уэзрыпсалъэ хъуну телефон «пщтырхэр».

ЕГЭ-м къигъэув мардэхэм ебэкъуа ныбжьыщІэ 33-р экзаменхэм къыщІагъэкІащ, зэпІыжьа видеохэм япкъ иткІэ еджакІуэхым я гъэжьІагъэр ягъэззэщІауэ къалъытакъым.

Школыр къэзыуухэм къахьа баллхэр ныІуэ къащІащ географие, литературэ, урысыбзэ, математикэ, обществознание, инджылызыбзэ, биологие, информатикэмрэ ИКТ-мрэ, тхыдэ, физикэ, химие предметхэмкІэ. Мыбдеж нэрылъагъу щыхъущ еджакІуэхэм экзаменым зэрызыхуягъэхьэзыра щыкІэр. Балли 100 къэзыхь ныбжьыщІэхэм я бжыгъэм хэхуащ, псори зэхэту цІыху 20-м къахьащ апхуэдизу - литературэмкІэ 4-м, урысыбзэмкІэ - 9-м, химиемкІэ - 5-м, обществознаниемкІэ - 1-м. Экзаменым пэмыпъыщ Іащэр мы гъэм нэхъыбэ хъуащ, псом хуэмыдэу, математикэмкІэ, обществознаниемкІэ, инджылызыбзэмкІэ.

ТАБЫЩ Динарэ.

Іуэху гугъуэхэм пхыкІахэр

● ЕГЭ-2016

Хэхыныгъэхэм хэтыну хуитыныгъэ зиІэ политикэ партхэр

№№	Зэгухьэныгъэм зэреджэр
1.	«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ парт
2.	«Урысей Федерацэм и коммунист парт» (КПРФ) политикэ парт
3.	ЛДПР - Урысейм и либерал-демократие парт политикэ парт
4.	«Урысейм и патриотхэр» политикэ парт
5.	«Зыужьыныгъэ парт» урысейпсо политикэ парт
6.	«Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ парт
7.	«Яблоко» урысей демократие парт зэгуэт
8.	«ЦІыхубэ щхьэхуитыныгъэ парт» (ПАРНАС) политикэ парт
9.	«Урысейм и демократие парт» политикэ парт
10.	«Урысейм и цІыхубзхэм папщІэ» цІыхубэ парт» урысейпсо политикэ парт
11.	«ЩхьэнтІэхэм я альянс» политикэ парт
12.	«Урысейм и пенсионерхэм я парт» урысейпсо политикэ парт
13.	«Урысейм и кІалэхэр» политикэ парт
14.	«Урысей ныбжьыщІэ» политикэ парт
15.	«ЩхьэнтІэхэр» урысей экологие парт» политикэ парт
16.	«Урысейм и коммунистхэр» коммунист парт» политикэ парт
17.	«Урысейм и цІыхубэ парт» урысейпсо политикэ парт
18.	«Урысейм и аграрнэ парт» урысейпсо политикэ парт
19.	«Захуагъэм и телъхьэ парт» урысейпсо политикэ парт
20.	«ЦІыху щхьэхуитхэм я парт» урысейпсо политикэ парт
21.	«Граждан Іуэху епГыкІэ» политикэ парт
22.	«КІалэдэсхэм я союз» политикэ парт
23.	«Социальнэ захуагъэм и телъхьэ коммунист парт» политикэ парт
24.	«Урысейм и социал-демократие парт» урысейпсо политикэ парт
25.	«Социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ» политикэ парт
26.	«Граждан къару» урысейпсо политикэ парт жылагъуэ зэгухьэныгъэ
27.	«Урысей цІыхубэ союз» политикэ парт - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
28.	«Захуагъэм и телъхьэ пенсионерхэм я урысей парт» политикэ парт
29.	«Граждан платформэ» политикэ парт
30.	«Мамырыгъэмрэ зэкъуэтныныгъэмрэ я парт» урысей парт
31.	«Монархием и телъхьэ парт» политикэ парт
32.	«ЧЕСТНО» (ЦІыхур. Захуагъэр. ЖэуапІныныгъэр) урысейпсо политикэ парт
33.	«Урысей лэжьакІуэ парт» политикэ парт
34.	«Хэку» урысейпсо политикэ парт
35.	«Урысей Федерацэм и къэзакъэ парт» политикэ парт
36.	«Іуэхум хуэгъэпсэ парт» урысейпсо политикэ парт
37.	«Демократиер къыхьдох» политикэ парт
38.	«ЦІыхубэ альянс» урысейпсо политикэ парт
39.	«Урысейм и ветеранхэм я парт» политикэ парт
40.	«Урысейм и зэхэщІыкІыр къэгъэщІэрэщІэжын» политикэ парт
41.	«Урысейм и лъэпкъ щынагъуэншагъэ» политикэ парт
42.	«ВОЛЯ» урысейпсо политикэ парт
43.	«Зыри дэІыГыыркъым» политикэ парт
44.	«ЦІыхубэм я унафэр зегъэкІуэныкІэ урысей парт» политикэ парт
45.	«Урысей социалист парт» политикэ парт
46.	«ІэжьыГэмкІэ союз» урысейпсо политикэ парт
47.	«Урысейм и жыгхадэгъэкІхэм я парт» урысейпсо политикэ парт
48.	«Урысейм налог щызытхэм я парт» политикэ парт
49.	«ЦІыхубзхэм я зэпсэльэныгъэ» урысейпсо политикэ парт
50.	«Совет Социалист Республикэхэм я Союзым щалъхуахэр» политикэ парт
51.	«Хэкум и хъумакІуэхэр» урысейпсо политикэ парт - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
52.	«Социальнэ зэкъуэтныныгъэм и парт» политикэ парт
53.	«Урысей Лэжьакіуэ фронт зэкъуэт» политикэ парт
54.	«ЖылагъуэІу инициативэ» политикэ парт
55.	«Къуажэр къэгъэщІэрэщІэжьныжьмкІэ парт» урысейпсо политикэ парт
56.	«Хэку иныж и парт» урысейпсо политикэ парт
57.	«Урысейм и зыужьныныгъэ» урысейпсо политикэ парт
58.	«Урысейм и зыужьныныгъэ парт» политикэ парт - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
59.	«Урысейм и аграрно-промышленнэ парт зэгуэт» политикэ парт
60.	«Демократиемрэ хабзэмрэ я Урысей» политикэ парт
61.	«ПІэпкъым и гъуэгу» политикэ парт
62.	«Автомобилхэм я Урысей» урысейпсо политикэ парт
63.	«ДОСТОИНСТВО» урысейпсо политикэ парт» политикэ парт
64.	«ЦІыхубэр коррупцэм и бийщ» урысейпсо политикэ парт
65.	«Къыддалъхуа парт» политикэ парт
66.	«Бизнесымрэ хьэрычэт Іуэхумрэ къащхьщыжь парт» политикэ парт
67.	«Къару узынщэхэр» Урысей спорт парт» политикэ парт
68.	«Социальнэ зэхъуэкІныныгъэхэм я парт» политикэ парт
69.	«Урысейм и интернационал парт» урысейпсо политикэ парт
70.	«Узынщагъэ нэс зимыІэу Урысейм щыпсэу цІыхухэм я парт зэгуэт» политикэ парт
71.	Іуэхуфіхэм, сабийхэм, цІыхубзхэм, щхьэхуитныныгъэм, щІыуэпсым, пенсионерхэм къащхьщыж политикэ парт - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
72.	«Аграрнэ Урысейм и къэгъэщІэрэщІэжьын» политикэ парт жылагъуэ зэгухьэныгъэ
73.	Зэман къэкІуэнум бын зыгъэтынухэр политикэ парт - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
74.	«ДэІэпыкъуныгъэмкІэ парт» политикэ парт жылагъуэ зэгухьэныгъэ
75.	«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
76.	Урысей Федерацэм и коммунист партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэ
77.	ЛДПР-м - Урысейм и либерал-демократие политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
78.	Урысейм и коммунистхэр коммунист партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэ
79.	«Захуагъэ зыхэлъ Іуэху» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
80.	«Социальнэ зэхъуэкІныныгъэхэм я парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
81.	«Урысейм и патриотхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
82.	«ЯБЛОКО» урысей демократие парт зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
83.	«Урысейм и лэжьакІуэ фронт зэкъуэт» (РОТ ФРОНТ) политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
84.	«Урысей лъэпкъпсо союз» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
85.	«Хэку иным и парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
86.	«Хэку» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
87.	«Лэжьакіуэ союз» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
88.	«ЩхьэнтІэхэм я альянс» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
89.	«Лэжьыгъэм хэзгъэзауэ зэфІэкІ нэс ямыІэу Урысейм щыпсэу цІыхухэм я парт зэгуэт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
90.	«Социальнэ захуагъэм и телъхьэ коммунист парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
91.	«ЦІыхубзхэм я зэпсэльэныгъэ» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
92.	«Урысейм и интернационал парт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
93.	«Захуагъэм и телъхьэ парт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
94.	«Урысейм и лъэпкъ щынагъуэншагъэ» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
95.	«Іуэхуфіхэм, сабийхэм, цІыхубзхэм, щхьэхуитныныгъэм, щІыуэпсым, пенсионерхэм къащхьщыжьын» политикэ партым - жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
96.	«Урысей Федерацэм и къэзакъэм я парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
97.	«Зи щІалэгъуэ Урысей» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и къудамэ
98.	«Совет Социалистическэ Республикэхэм я Союзым къыщалъхуахэр» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
99.	«Урысейм и лэжьакІуэ парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
100.	«Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
101.	«Мамырыгъэмрэ зэкъуэтныныгъэмрэ я парт» урысей политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
102.	«Урысейм и аграрнэ парт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
103.	«ЦІыхубэ альянс» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
104.	«Урысейм и цІыхубэ парт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
105.	«Къуажэр къэгъэщІэрэщІэжьныжьмкІэ парт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
106.	«Урысейм демократиемрэ хабзэмкІэ и парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
107.	«Граждан Іуэху епГыкІэ» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
108.	«ЩхьэнтІэхэр» урысей экологие партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
109.	«КІалэдэсхэм я союз» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
110.	«Хэкум и хъумакІуэхэр» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
111.	«Зэман къэкІуэнум бын зыгъэтынухэр» политикэ партым - жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
112.	«Граждан къару» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
113.	«Аграрнэ Урысейм и къэгъэщІэрэщІэжьныгъэ» политикэ партым - жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
114.	«Урысейм и агропромышленнэ парт зэгуэт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
115.	«Урысейм и зэхэщІыкІыр зэтегъэувэжьныжьмкІэ парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
116.	«Урысейм и социалистическэ парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
117.	Социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
118.	«Урысейм и социал-демократие парт» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ
119.	«Урысей демократие парт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и щыналъэ къудамэ

Хэхыныгъэхэм хэтын хуейуэ зи уставхэм къыщыгъэлъэгъуа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр

1.	«Урысейм и пенсионерхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
2.	«Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэу ГуащІэдзкІ Бэракъ Плъыжь орденыр зезыхь» ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
3.	«МафІэсхэм япэщІэтныныкІэ урысейпсо зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
4.	«Урысей Зэкъуэтым и ЩІэбзэщІэ Гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
5.	«Дэгъэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэ» ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
6.	Афганистаным щекІуэкІэ зауэм ныкъуэдыкІуэ щыхъуахэмрэ зауэм и фэбжь зыгъуэтахэмрэ я «Зауэм ныкъуэдыкІуэ щыхъуахэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
7.	«Урысейм и художникхэм я союз» урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
8.	«ПІсым итхьэлэхэр къеГэлъныныкІэ урысейпсо зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
9.	Ветеранхэм я «Дзэм хэтахэм я зэкъуэшыгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
10.	«Урысейм машинэ зыщІ и лэжьакІуэхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
11.	«Урысейм и къуажэ щІалэгъуалэм я союз» урысейпсо жылагъуэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэ
12.	«Калашников М. Т. и цІэр зезыхь» дзэ-спорт союз» урысейпсо жылагъуэ патриот зэгухьэныгъэ
13.	«Урысейм и студент ухуакІуэ отрядхэр» урысейпсо щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
14.	«Уней Іэнатіэ къыззэщІэпэща дохутырхэм я япэ урысейпсо ассоциац» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
15.	«ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я Урысей союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
16.	«Іэпщэрыбанэ спортымкІэ федерац» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
17.	«Социализмэр зи пльапІэ Урысей щІэныгъэлІхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
18.	«ЩІалэгъуалэм я Урысей Союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
19.	«Зи сабиигъуэр зауэм хиубыдахэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
20.	Урысей Федерацэм и Президентым и политикэр дэІыгъыным хуэунэтІа урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъееныгъэ
21.	«Хъэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ дзэыІыгъ «ОПОРА РОССИИ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэ
22.	«Урысейм и пенсионерхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и «КъБР-м и пенсионерхэм я союз Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
23.	«Зи сабиигъуэр зауэм хиубыдахэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэ
24.	«Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэу ГуащІэдзкІ Бэракъ Плъыжь орденыр зезыхь» ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
25.	«МафІэсхэм япэщІэтныныкІэ урысейпсо зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и Налшык къалэ зэгухьэныгъэ
26.	«Урысей Зэкъуэтым и ЩІэблэщІ Гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
27.	«Дэгъэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэ» ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
28.	Афганистаным щекІуэкІэ зауэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэмрэ зауэм и фэбжь зыгъуэтахэмрэ я «Зауэм ныкъуэдыкІуэ щыхъуахэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и «Ветеран» Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
29.	«Урысейм и художникхэм я творческэ союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
30.	«ПІсым итхьэлэхэр къеГэлъныныкІэ урысейпсо зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ зэгухьэныгъэ
31.	Ветеранхэм я «Дзэм хэтахэм я зэкъуэшыгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэ
32.	«Урысейм машинэ зыщІ и лэжьакІуэхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
33.	«Урысейм и къуажэ щІалэгъуалэм я союз» урысейпсо жылагъуэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
34.	«Калашников М. Т. и цІэр зезыхь» дзэ-спорт союз» урысейпсо жылагъуэ патриот зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
35.	«Урысейм и студент ухуакІуэ отрядхэр» урысейпсо щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
36.	«Уней Іэнатіэ къыззэщІэпэща дохутырхэм я япэ урысейпсо ассоциац» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
37.	«ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я Урысей союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
38.	«Іэпщэрыбанэ спортымкІэ федерац» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
39.	«Социализмэр зи пльапІэ Урысей щІэныгъэлІхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
40.	«ЩІалэгъуалэм я Урысей Союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
41.	Урысей Федерацэм и Президентым и политикэр дэІыгъыным хуэунэтІа урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
42.	«Хъэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ дзэыІыгъ «ОПОРА РОССИИ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэ
43.	Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ органхэмрэ къэрал кІуэцІ дзэхэмрэ я ветеранхэу КъБР-м исхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэ
44.	Балъкъэрлъапэкъым и «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
45.	Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщ1эуэзда Къарухэм, хабзэхъуэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Бахъсэн кІалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
46.	Ныкъуэдыкъуэхэм я «Чернобыль» Іуащхьэмахуэ район жылагъуэ зэгухьэныгъэ
47.	Кавказым и щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я щыналъэ зэхуаку Ассоциац
48.	«Балъкъэр лъэпкъым и нэхъыжьхэм я совет» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
49.	Шэрдж районым и «Прогресс» щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
50.	«Алан» щыналъэ зэхуаку жылагъуэ зэгухьэныгъэ
51.	«КъБР-м и хьэрычэтыщІэхэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
52.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Унафэщ1 цІыхубзхэм я ассоциац» щыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
53.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «Зэкъуэтныныгъэр къаруц» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
54.	Урысейм и связым и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
55.	«ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм жылагъуэ кІэлъыплъныныгъэ щегъэжьыкІыныкІэ щыналъэ центр» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ
56.	«Къэзакъэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и «Тэрч къэзакъыдэз» Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэ
57.	Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым информатикэмрэ щыналъэ управленэм и ІуэхухэмкІэ и институтым и лэжьакІуэхэм я пэщІдзэ профсоюз организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
58.	«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союз
59.	ЩэнхабзэмкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ комитет жылагъуэ зэгухьэныгъэ
60.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюз жылагъуэ зэгухьэныгъэ
61.	«Прохладнэ полупроводник Іэмэпсымэ завод» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и лэжьакІуэхэм я пэщІдзэ профсоюз организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
62.	Урысей Федерацэм и агропромышленнэ комплексым и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
63.	«Урысейпсо электропромсоюз» зэгухьэныгъэм и «Къэббалъкъэнерго» цІыхубэ акционер зэгухьэныгъэм и профсоюз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
64.	«Гидрометаллург» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и лэжьакІуэхэм я профсоюз организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
65.	«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союз
66.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ремонтхуэныгъэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я профсоюз жылагъуэ зэгухьэныгъэ
67.	Федералнэ къэрал щІэныгъэ бюджет Іуэхущ1апІэм - Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и пэщІдзэ профсоюз организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
68.	«Кавказкабель ТМ» кабель завод» акционер зэгухьэныгъэ зэкъуэщІм и пэщІдзэ профсоюз организацэ
69.	Урысейм и щІыдагъэ, газ Іэнатіэхэм, промышленностымрэ ухуэныгъэмрэ я лэжьакІуэхэм я урысейпсо профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ зэгухьэныгъэ
70.	УФ-м и агропромышленнэ комплексым и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Тэрч район организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
71.	ЩІыдагъэ, газ Іэнатіэхэм, промышленностымрэ ухуэныгъэмрэ я лэжьакІуэхэм я урысейпсо профсоюзым и «Газпром Налшык газ тегуэшапІэ» акционер зэгухьэныгъэ и пэщІдзэ профсоюз организацэ зэгухьэныгъэ
72.	Урысей Федерацэм автомобиль, мэкъумэш технике щІыныкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и «Бахъсэн-автозапчасть» ООО-м и пэщІдзэ профсоюз организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
73.	«Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхь» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федералнэ къэрал бюджет еджапІэм и студентхэмрэ аспирантхэмрэ я профсоюз организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
74.	Автомобиль транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмрэ я лэжьакІуэхэм я урысейпсо профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
75.	Урысей Федерацэм и хъэрычэт Іэнатіэ курытымрэ Іэнатіэ мыинымрэ я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ комитет жылагъуэ зэгухьэныгъэ
76.	УФ-м уэзыншагъэ хъумэныкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
77.	«Теплемеханика» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и лэжьакІуэхэм я пэщІдзэ профсоюз организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
78.	Урысейм радиолокацэмрэ радионавигацэмкІэ и авиалэжьакІуэхэм я профсоюзым и Налшык къудамэ пэщІдзэ профсоюз организацэ
79.	ЕГъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Аруан совет
80.	«Станкозавод» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и пэщІдзэ профсоюз организацэ
81.	Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ щыналъэ организацэ (жылагъуэ зэгухьэныгъэ)
82.	Урысей зэкъуэтым ирахьэлІэ материалхэмкІэ промышленностымрэ я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ комитет - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
83.	«Къэббалъкъпромстрой» проект-ухуакІуэ фирмэ акционер зэгухьэныгъэ зэхуэщІам и лэжьакІуэхэм я пэщІдзэ профсоюз организацэ - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
84.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Май муниципальнэ районым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюз жылагъуэ зэгухьэныгъэ
85.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюз - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
86.	МэкъумэщІ хозяйствэмрэ ерыкъыпхэмрэ я Іэнатіэхэм щыкІэпхъыныкІэ федералнэ агентствэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и профсоюз - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
87.	«Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхь» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федералнэ къэрал бюджет еджапІэм и профсоюз организацэ - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
88.	«Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институт» федералнэ къэрал бюджет щІэныгъэ Іуэхущ1апІэм и пэщІдзэ профсоюз организацэ - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
89.	«КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхь» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ1 университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федералнэ къэрал бюджет еджапІэм и профсоюз организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
90.	Урысей Федерацэм мэзымкІэ и Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ комитет - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
91.	УФ-м и АПК-м и лэжьакІуэхэм я Налшык къалэ профсоюз организацэ - жылагъуэ зэгухьэныгъэ
92.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «ХъыбарегъащІэ технологиехэмкІэ лэжьакІуэхэм я профсоюз комитет»
93.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Прохладнэ муниципальнэ районым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюз жылагъуэ зэгухьэныгъэ
94.	«Вольт льагэ ІэмэпсымэхэмкІэ Налшык завод» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и пэщІдзэ профсоюз организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
95.	«КъБР-м щыщ Май муниципальнэ районым щэнхабзэмкІэ и лэжьакІуэхэм я щыналъэ профсоюз организацэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
96.	КъБР-м щыщ Прохладнэ кІалэ округымрэ Прохладнэ муниципальнэ районымрэ щэнхабзэмкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюз организацэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
97.	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шэрдж муниципальнэ районым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюз жылагъуэ зэгухьэныгъэ
98.	«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я союз» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
99.	«Урысейм и армэм, авиацэм, флотым езым и жэрдэмкІэ защІэзэгъэкъуэ зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ-къэрал организацэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Бахъсэн районымрэ Бахъсэн кІалэмрэ щыІэ и щыналъэ къудамэ
100.	«Урысейм и армэм, авиацэм, флотым езым и жэрдэмкІэ защІэзэгъэкъуэ зэгухьэныгъэ» урысейпсо жылагъуэ-къэрал организацэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шэрдж муниципальнэ районым щыІэ и щыналъэ къудамэ
101.	«Урысейм и зыхъумэжьныжьмкІэ спорт-техникэ организацэ - РОСТО (ДОСААФ)» урысейпсо жылагъуэ организацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ организацэм и Аруан район зэгухьэныгъэ
102.	«Урысейм и зыхъумэжьныжьмкІэ спорт-техникэ организацэ - РОСТО (ДОСААФ)» урысейпсо жылагъуэ организацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ организацэм и Май район зэгухьэныгъэ
103.	«Урысейм и зыхъумэжьныжьмкІэ спорт-техникэ организацэ - РО

Экономикэ Политикэ

Махэуку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Абы дегьэпІейтей

ПУТИН Владимир: ІэщэкІэ зызэщІэузэдэнымкІэ зэпеуэм дэ дыхашэфынукъым

Урысейм и Президент Путин Владимир хэтащ УФ-м Нэгъуэщі къыралхэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм иригъэкіуэкіа зэіуэщіэм. Абы кърихьэліат къэрал куэдым я ліыкіуэхэр. Дунейпсо щытыкіэм и гугъу щищіым, Іэтащхьэр къытеувыІащ Сириемрэ Украинэмрэ я Іуэхухэм, апхуэдэуи Великобританиер Евросоюзым къыз эрыхэкІыжам, Тыркум зэрекІужам, терроризмэм ебэныным, США-м и президент хэхыныгъэхэм тепсэлъыхьащ.

КЪЭРАЛЫМ и унафэщІым жиІащ, адрей къаралыгъуэхэм къакІэрымыхуу, Урысейм езым и политикэ зэрыригъэкІуэкІынур. Абы къэхичъэщащ дунейм и щытыкІэр зэпІэзэрыту зэрыщымытыр икІи тепщэнымгъэмрэ гъэтІыпІыгъэхэмрэ зыубыдыным щхьэкІэ бэнэныгъэ гуащІэ зэрекІуэкІыр. Президентым къызэрилытэмкІэ, гугъуехь куэд щыІэщ къэралхэр зэкъуэту фІэкІа пэщІэмытыфынэу.

«Нэрылъагъущ зыгуэрэм тепщэнигъэр яубыдыну зэрыхущІэкъур. Я мурадыр зрагъэхъулІэн папщІэ, абыхэм къагъэсэбэп лІэщІыгъуэ зыбжанэкІэ зэрагъэпэща Іэмалхэр: къэралхэр зэпэщІагъэувэ, экономикэ и лъэныкъуэкІэ къарууншэ ящІ. Иджырей зэманым хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэри къагъэсэбэпу хуэежащ, - къыхигъэщащ Путин Владимир. - Зи гугъу сщІыр нэгъуэщІ къралхэм я Іуэхухэм зэрыхэІэбэрщ, зэпэщІэтыныгъэхэр кьызэрызэщІагъэстырщ, революцюхэм я лъабжьэр зэрагъэхьэзэрырщ. Апхуэдэхэм я щапхъэ ди гъунапкъэхэм я гъунэгъу дыдзу щыдольагъу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иІэсэитІ и пэкІэ зэщІэжьееныгъэхэм зэщІиштащ Украинэри. Абы щы-

● ОСАГО

Хэгъэзыхь щыІэжынукъым

Илъэс блэкІам и кІэухым Урысейм и Банкым къыхилъхьа унафэм дыдзэрыт мазэм къыщыщІэдзауэ къару игъуэтащ. Абы ипкъ иткІэ ди къэралым щыпсэухэм тракъузэу ирагъэщІ страховкэм щхьэкІэ зыми хигъэзыхьыжынукъым.

КЪЭРАЛ унафэхэм нэхъапэми ядэу щытакъым щІыхуэхэм я щхьэр зэрахъумэжьын страховкэр залымыгъэкІэ иращуу, арщхьэкІэ а Іуэхум хэгъэзыхьынигъэ хэлъауэ къыщІэбгъэщынар икъуэкІэ гугъут. Абы къыжаІэу, щІыналъэ зыбжанэм автомашинэм и ОСАГО полисыр хъэзыщэхуну зи мурадхэм хуей-хузмейм я щхьэр зэрахъумэжьын страховкэр къращэу щытащ. Апхуэдэу, умыарэзыкІэ, автомашинэм щхьэкІэ полисыр къущэнутэкъым.

Иджы сыт хуэдэ страховкэ лІэужьыгъуэ теухуауэ зэращІыІа зэгурыІуэныгъэр махуитхум кьуибыдэу ар къэзыщэхуам икьутэжьыфынуц, а зэманым ар кьимыгъэсэбэпауэ щытмэ. А пІалъэм кьуибыдэу якъутэжа полисым щІата пщІэр кьанэ щымыІэу компанием цІыхум иритыжьпхъащ.

МАЛЬГАВКЭ Алексей.
«Хьыбарыщ1эхэр» урысейпсо агентствэ

● Зэпсэлъэныгъэхэр

ЗэгурыІуэжьыну пІэрэ?

2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 24-м Урысейм и СУ-24 кхъухьлъатэр Тыркум кьриудыха нэужь къэралитІым я зэхущытыкІэм зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ игъуэтащ. Къапщтэмэ, Тыркум зэрызыщагъэпсэху путёвкэхэр турист операторхэм ямыщэж, ди Іуэхущ1ап1эхэм абы къикІыжр пэжыпІэ къамыщтэж, хьэпшыпІ пІэужьыгъуэ зыбжанэ хэщэхуну хуимыт хъуащ Путиным и унафэкІэ. Иджы, Эрдоган Реджеп и къуаншагъэр къыгурыІуэжа нэужь, зи гугъу тщІа пэубыдыныгъэхэр Іуахыжыну пІэрэ? А щытыкІэм «Аргументы и Факты» газетым и корреспондентым къыхутепсэлъыхьащ «Alte et Certe» къэпщытакІуэ Іуэхущ1ап1эм и унафэщІ Епифанцев Андрей.

- Тыркум ича лъэбакъуэхэм ди къэралым сыт жэуапу иритыжынур?

- Абы къырикІуэнур нэрылъагъущ. Кремлым и сайтым къралъхьащ тырку лІыщхьэм и псалъэхэр. Абы щижыІам къокІ Эрдоган и къуаншагъэр кьыгурыІуэжауэ, ди лъэныкъуэми ар хуигъэгъуэуэ. Фигу къэдгъэкІыжьынщи, лъэныкъуэхэр зэгурыІуэжьын папщІэ Іэмал имыІэу Іуэхугъуищ Тыркум игъэзэщІэн жуейуэ Урысейми игъэувауэ щыта: кьыхуагъэгъуну кьелъэІуну, хэкІуэдахэм я унагъуэхэмрэ къэралымрэ игъуэта хэщІынигъэм папщІэ компенсацэхэр кьратыжыну. Апэр игъэзэщІащ. Иджы кьыкІэлъыкІуэ щхьэзэусыгъуитІымкІэ зэгурыІуэу ар игъэзэщІэнми теухуауэ зэпсэлъэныгъэхэр йокІуэкІ. Ауэ нэхъыщхьэу щытар апэ щхьэусыгъэрт. Хуэбгъэфащэ хьунущ Мэзкуурэ Анкараpэ я зэпыщІэныгъэхэр СУ-24-р кьрамыудыс щІыкІэ зэрыщытам хуэкІуэжьну. Ди къэралым и дежкІэ абы экономикэ, политикэ щхьэусыгъуэхэр иІэщ. Къыхэзгъэщынщи, Урысейм иджыпстэу Іэмалыфі къыхуэкІуэгъэ Сирием Тыркур зэрыхуэщытымрэ газ бжьамийхэр зэраукъуэдиину «Тырку унэтІыныгъэмрэ» зэхъуэкІыныгъэ гуэркэр иригъэгъуэтыну. ХэкІуэдам и унагъуэм компенсацэ иримытыжми, апхуэдэ дэчыхьныгъэхэр Тыркум ищІмэ, абы ди къэралыр арэзы техъуэнущ.

- СУ-24-р къраудыха нэужь Тыркум хуэгъэзауэ Урысейм пэубыдыныгъэ зыбжанэ къыхилъхьащ. Къапщтэмэ, ерыскъыхэкІхэр кърамыгъэшэну, ди цІыхуэхэр зыгъэпсэхуакІуэ ямыгъэкІуэну. Иужьрейуэ къэхъуахэр къэплъытэмэ, абыхэм зэхъуэкІынигъэ гуэркэр игъуэтынкІэ хъуну?

- Шэч хэмылъу. Ауэ, къыхэзгъэщынщи, ерыскъыхэкІхэр ди деж щыщэнми теухуа зэпыщІэныгъэхэр зэпыудыпхуэ щытакъым. Пэубыдыныгъэ зыгъэзэтар туриндустриерщ, Адрей унэтІыныгъэхэм апхуэдэ дыдзу дыщыткІиякъым. Тыркум кьыкІ ерыскъыхэкІхэр ди къэралым сытым дежи кьыхьащ, ахэр Армение, Азербайджан, Абхъаз лъэныкъуэхэмкІэ кьызэпрашащ. Тырку помидорхэр ди тыкуэнхэм куэду щІэлъщ. Хеблэмэ тхъэмахуэ блэкІам ди къалащхьэм и тыкуэнышхуэхэм языхэзым сэ щысльэгъуащ нэгъабэ фІахьжауэ щыта, иджы къыфІадзэжа «Тырку текстиль» жаІэу зытет плакатыр. Абы къегъэльагъуэ унафэхэр нэсу гъэззэщІа зэрымыхьаур. Ухуэныгъэ бизнесри, зэрыхькІэ, зэрызэтедмыкъуэтэным дыхущІэкъуащ. Дауэ щымытми, сыт хуэдэ теплъэ имыІэми, компенсацэм теухуауэ зэпсэлъэныгъэхэр зэфІэкІмэ, пэубыдыныгъэхэр псори Іуахыжыну догугъэ.

- Сыт хуэдиз зэман абы ихьыну?

- Дауи, абы и пІалъэр бгъэувыну гугъущ. Ауэ, сэ къызэрыслъытэмкІэ, Іуэхур псынщІэу зэфІэкІынущ: Анкарари Мэзкуурэ абыхэм мыхьэнэшхуэ ират. Тыбэмахуэ зыбжанэм кІэщІыщІэдзауэ мазэ бжыгъэм къриубыдэу щытыкІэр зэпІэзэрыт хъужьну хузогъэфащэ.

- Санкцэхэм я зэран нэхъыбэу зэкІар туриндустриеращи, уэ дауэ уеплърэ, ди цІыхуэхэм тырку зыгъэпсэхупІэхэм ягъэзэжьыну хьэзыр?

- Ди зыгъэпсэхуакІуэхэм Тыркур къызэрыхахынур си фІэщ мэхъу. Ауэ аэхэр гупитІу гъэшіи хуейуэ къыщІэкІынщ. Я́пэр икІи нэхъыбэр - политикэ зэхущытыкІэм мыхьэнэ езымыт урысейхэрщ. Абыхэм «псори хэгъэхьащ» системэмкІэ, уасэ пудхэмкІэ, климатым и щытыкІэмкІэ Тыркум и зыгъэпсэхупІэхэм пагъэувын ягъуэтакъым.Ауэ иужьрей хьыбарэхэм ятепщыхьмэ, а унэтІныгъэм псынщІэ дыдзэу зыкъиужьыжьынущ. ЕтІуанэ гупыр апхуэдизу куэд хъуркъым. Ар политикэ зэхущытыкІэм мыхьэнэшхуэ езытхэрщ. СУ-24-м кхъэІа Іуэхугъуэр зыхэзыщІакъэрщ. Апхуэдэхэм сэ пщІэ яхузощІ, ауэ ахэр мащІэ дыдэщ.

КОЖИНЭ Наталье.
«Аргументы и факты»

● Гъунапкъэхэр

Калининград зи плъапІэхэр

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я лІыкІуэу Урысейм щыІа Макфол Майкл иджыблагъэ ита интервьюхэм ящІщ зым щыжиІащ Калининград областыр иджы Германием щыхьэзыну хуиту.

«ЛІЭЩІЫГЪУЭ зыбжанэкІэ Кёнигсберг нэмыцэ щыналъэу щытащ. Абы къикІрэ Германием иджы Калининград зыхиГъэхьэжьыну хуиту?» Зызумысыжьнщи, апхуэдэ упщІэ зэхэсхыну сыпэплъащ. Ар къыздикІыну сызыщыгугъри зы адрыщІырт. Сыту жьпІэмэ, Кърым гъатхэм иужькІэ Калининград областым (нэхъапэм Пруссие КъуэкІыпІэу щытам) ехьэлІа Іуэхугъуэхэм псынщІэ дыдзу заужь хъуад. Абыхэм унэтІныгъитІ яІэщ - къарумрэ псэкупсэмрэ ятещІыхьахэр.

Апэрауэ, зэман кІэщІым кьриубыдэу НАТО-м Калининград областыр Іэщэкіэ зэщІэузэда къарурэмкІэ къиувыхьащ. Абы къыкІэлъыкІуэу, СССР-р зэрызэхэщІэщэхэр зэи къэмыхъуауэ, а зэгухьэныгъэм и дзэ-хьэуа къарухэм я зыгъэсэныгъэ лъэщхэр а щыпІэм пэгъунэгъуу щекІуэкІащ, къуэхьлъатэ 90-м нэблагъэ зэуэ уэгум щит къэхъуу. Иджы США-р иужь ихьащ Польшэм дзэ базэ щиухуэну. Ар Калининград областым зэрыпэжьыжьэр километр 250-рэщ.

ЕтІуанэрауэ, Калининград жьджэр щыуагъэ етхуанэ колоннэр. «Калининград - ар Кёнигсбергщ» къыхуэджэныгъэр абы и тегъащІапІэ нэхъыщхьэщ. ИлъэсипщІ и пэкІэ зэщІэмыгъэуІуауэ Кёнигсберг хуэгъэуу щытамэ, нобэ большагъуэ ахэр зы унафэм щІэту зы унэтІныгъэм Іупщіу зэрыкхуІуэр.

Зи гугъу тщІахэр зэтпхьым ди акъылыр хуэзыгъэкІуар Макфол жиІахэращ. США-м и президентым лъэпкъ шынагъэншагъэмкІэ и чэнджэщэгъуэщхьэуэу, иужькІэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я лІыкІуэу Урысей Федерацэм щыІам, дауи, фы дыдэу къыгурыІуэрт Кърымыкрэ Калининградрэ зэрызэрипщІам дуней псом куэду зэрыщытепсэлъыхьынур. Шэч хэлътэкъым а псалъэмакъым Урысейм рэ Украинэмрэ я хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэри зэрыхэтынум. КъызэрыщІэкІымкІэ, Іуэхур къыгъэуІэбгъэщауэ аращ. Макфол къыгъэсэбэпри, КъухьэпІэм Іэмал игуэтащ Калининград областым щыпсэухэм я гум иІыар зригъэщІэну, ар Мэзкуу къызэрыщыхъуми зыщигъэгъуэзэну. Дипломатым, блокІрэ пэт, Киеви «къупщхьэ хуидзащ» - «фпъагъуркъэ, фытщыгъупщакъым» жьхуиІэу.

Макфол и мурадхэр къехъулІащ. Мэзкуу и хьыбарегъащІэ Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм «Калининград зэрытрахьжьыр» яфІэфыпсу «ягъэныщкІуащ», ауэ абы нэхъыбэу дихьэхар ар зэхьэлІа дыдэхэрщ. Калининграддэсхэр Интернетым щызэнэкъокъуэу, зыр адрейм игъэгуду. Хэти американ дипломату щытам и псалъэхэр кьанэ щымыІэу дибгъащ, хэти ар фІэхьэдэгъуэдахэщ. Псалъэмакъым хэт лъэныкъуитІми Кърымыр тегъащІапІэ ящІ. Аращ зыхущІэкъуар США-м и президентым лъэпкъ шынагъэншагъэмкІэ и дзэпыкъуэгъу хэхауэ щытар (иджыри армырауэ пІэрэ зэрылажьэр?). Апхуэдэ дыдзу Украинэми Іуэхухэр кьыщежьат.

Иджы гурыІуэгъуэ дыдзэ: «Украина це Європа» Іэмалыр КъухьэпІэм агрэуру кьегъэсэбэп. Сыт зыгуэр щІэпхъуэжьыну? «Калининград - дас ист Ойропа» жьІи зэфІэкІащ. А гупсысэр куэдым кьыззэдащтэнущ. Ар нобэ щыдольагъу Калининград. ЩІынапІэ унафэщІхэр ерыщу хущІокъу я деж кьакІуэхэр визэнщэу кьрагъэхьэну хуит ящІынкІ пхагъэкІыну. Визэ уимыІэми, сыхьэт 72-кІэ ущІынэу илъэсипщІ хъуауэ хуит уэрарщІыр яфІэмащІэщ. Апхуэдэ щыкІэкІэ Урысеймрэ Евросоюзымрэ зэныбжьэгъугъэкІэ зрашэлІэну быдэу я фІэщ мэхъу. Абы къикІынур Украинэм дигъэлъэгъуащ.

Ди нэгу щІокІ етхуанэ колоннэм нэрылъагъуу зэрызигъэбыдэр, утыкуакІуэ зэрыхъур. Драгъэсэжащ щэнхабзэ Іуэхугъуэхэм къыщрахьэжьэкІэ Калининград областым и щыпІэщІэхэм нэмыцэхэм фІащахэмкІэ зэреджэм - Земланд хуітІыгу ныкъуэ, Роминтен мэз гуартэ, Ломзе хьітІыгу (2018 гъэм футболымкІэ щыІэну дунейпсо чемпионатым и зэІуэщІэхэм ящыщхэр щекІуэкІыну стадион абрагъэр мыращ щаухэр)...

Калининград къыщыщІагъэкІа ерыскъыхэкІхэр КъуэкІыпІэ Пруссием и фІэщыгъэм зэщІащтащ. Къапщтэмэ, «Инстербург» коньякыр, «Нойхаузен», «Konigsberg» пивэхэр, «Бальга» (нэмыцэ быдапІэм и щІыхькІэ), «Кайзер» щІакъуэу лІэужьыгъуэхэр, нэгъуэщІ куэдри.

Дривгъапльэт щэнхабзэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм: Гофман къызэралъхурэ илъэс 240-рэ щрикъум ирихьэлІэу музей гъэлъэгъуэныгъэ, Кёнигсберг XVII - XX лІэщІыгъуэхэм и графикэм и выставкэ, Кёнигсберг и Илъэсыщ1эхэр...

Калининград щыІэщ нэмыцэ мывэ гъэзугъэр хьуэмэнымкІэ зэгуэхьэнгъэ, нэмыцэ шхыныгъуэхэр гъэхьэзырынымкІэ чэнджэщэр щыбгъуэтыну сайт, нэмыцэ философыи и цІэр зезыхъэ университет... Иджы фэ къыьигурыІуэрэ калининграддэсхэр хуейми-хузмейми нэмыцэ хабзэхэм зэрыстращэр? Сыт хуэдэ кьэкІуэну абыхэм яІэр?

ВЫПОЛЗОВ Андрей.
«Регнум» хьыбарегъащІэ агентствэ

● Абы дегьэпІейтей

ПУТИН Владимир: ІэщэкІэ зызэщІэузэдэнымкІэ зэпеуэм дэ дыхашэфынукъым

КЪЭРАЛЫМ и унафэщІым жиІащ, адрей къаралыгъуэхэм къакІэрымыхуу, Урысейм езым и политикэ зэрыригъэкІуэкІынур. Абы къэхичъэщащ дунейм и щытыкІэр зэпІэзэрыту зэрыщымытыр икІи тепщэнымгъэмрэ гъэтІыпІыгъэхэмрэ зыубыдыным щхьэкІэ бэнэныгъэ гуащІэ зэрекІуэкІыр. Президентым къызэрилытэмкІэ, гугъуехь куэд щыІэщ къэралхэр зэкъуэту фІэкІа пэщІэмытыфынэу.

«Нэрылъагъущ зыгуэрэм тепщэнигъэр яубыдыну зэрыхущІэкъур. Я мурадыр зрагъэхъулІэн папщІэ, абыхэм къагъэсэбэп лІэщІыгъуэ зэпІэзэрыту зэрыщымытыр икІи тепщэнымгъэмрэ гъэтІыпІыгъэхэмрэ зыубыдыным щхьэкІэ бэнэныгъэ гуащІэ зэрекІуэкІыр. Президентым къызэрилытэмкІэ, гугъуехь куэд щыІэщ къэралхэр зэкъуэту фІэкІа пэщІэмытыфынэу.

«Іэщэкіэ зызэщІэузэдэным мылъку лей хуэдуэ ІэщІыпІыщхьэ, аращ дэ дызызыхуагъэкІуэну зыхущІэкъур. Іэщэкіэ дызэпеуэрэ социально-экономикэ унэтІныгъэм щыдиІэ къаІэн нэхъыщхьэхэр тІэщІагъэкІын мурадыр къеда́гъэхьулІэнкъым. Дэ сытым дежи зытхуэхьумэжьыфынущ икІи Урысей Федерацэмрэ абы и цІыхуэхэмрэ я шынагъэншагъэр къызэдгъэпэщыфынущ», - къыгъэгугъащ Путин Владимир зэІущІэм хэтхэр.

Террорист щІэпхъаджагъэкэр нэхъыбэ зэрыхъуам щытепсэлъыхьыным къралым и унафэщІым къыхигъэщащ Иракымрэ Ливиемрэ щекІуэкІа, къаруур зи лъабжьэ политикэм экстремист гуп лъэщхэр къэунэхуныр къызэриштар.

«Терроризмэм ебэныныкІэ политикэм и курыкупсэм Сириер къыщыхуэтащ. Егъэлеи хъуну къыщІэкІынкъым а къэралым и щытыкІэм КъуэкІыпІэ Гъунэгъум хьиІэ щІыналъэхэм я нэхъыпэр епхауэ жыпІэмэ. Сирием щызэхокІ ИГИП-м ебэныным адэкІэ кърикІуэнур. Абы и бэрэкъым щІэуваущ ислъам дуней псор зэщІэзыгъэуІуэну мурад зыщІа экстремист пІуэжьыныгъэ псори. Абыхэм я кьалэнщ Ливием, Йеменым, Афганистаным, Азие Курытым, ди гъунапкъэхэм пэмыжьыжьэу зыщагъэбыдэну. Мис а псори зэпэтІыльтауэ, бжьыхьэ блэкІа лъандэрэ, Сирием и унафэщІхэр къызэрыдэлъэІуам дытету, террорист зэщІэхъеенныгъэм добэн. ФІыщІэ яхузощІ щІэпхъаджащІэхэм жьыджэру япэщІэтурэ изыгъэкІуэта, Сирие къэралыгъуэм и зэпІэзэрыгъэр эхьумэ ди зауэлІэжьм», - къыхигъэщащ Путиным.

Президентым иджыри зэ жиІащ «Brexit»-р Великобританиеи и цІыхухэм я унафэу зэрыщытыр икІи Урысейр а Іуэхугъуэм зэрызмыІэбэнур, ауэ Лондонрэ Брюссельрэ зэрызэпыкІыжьым набдзэгубдзапІъуэ зэрыкІэлъыплъынур.

Путиным апхуэдэу къыхигъэщащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм и цІыхухэм я хэхьныгъэм кърикІуэр Урысейм къызэрищтэнур, США-м и президентыщІэр зэрыкъуэжьыну, аращ дэ дызызыхуагъэкІуэну зыхущІэкъуар. Іэщэкіэ дызэпеуэрэ социально-экономикэ унэтІныгъэм щыдиІэ къаІэн нэхъыщхьэхэр тІэщІагъэкІын мурадыр къеда́гъэхьулІэнкъым. Дэ сытым дежи зытхуэхьумэжьыфынущ икІи Урысей Федерацэмрэ абы и цІыхухэмрэ я шынагъэншагъэр къызэдгъэпэщыфынущ», - къыгъэгугъащ Путин Владимир зэІущІэм хэтхэр.

«Дэ дыщІэпсэур информацэм и лъэхъэнэщ. «Къыбарыр зыІэщІэлъым дуней псор Іэщ1эльщ» афоризмэр нобэрей гъащІэм и теплъэщ. Ящыныкъуэхэм ящІ гъэ уогупсыс, прессэм хъыбар димыгъащІэмэ, дунейм зыри къыщымыхъуу. Зэгуэрым Жак Ширак къызжиІауэ щытащ: «Прессэр ХьедджэН хуейщ, армыхьумэ, дызэхуэмызэхха хуэдэу мэхъу». Апхуэдэ дыдзэущ зэрыщытри. Ауэ къуэкІыпІэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1ап1эхэм Урысейм теухуауэ къат хъыбар нэпцІхэр къызэпыудыпхъэщ», - пщэрылъ ищІащ Путин Владимир.

Цыхьэхуэу ар къытеувыІащ Тыркымрэ Украинэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр къызэрыщІэрэщІэжьым.

«Ди цІыхухэм я зыгъэгъуэншагъэр нэсу къызэрагъэпэщыну зэкІэ дыкъагъэгугъаьхьэм. Аращи, нэхьапэм хуэдэу зыгъэпсэхуакІуэхэр абы куэду кІэуным утепсэлъыхьыныр зэкІэ пасэщ», - яжриІащ журналистхэм Урысейм Тыркум щІиІэ и лІыкІуэ Карлов Андрей. Абы къыхигъэщащ Москварэ Анкарарэ щызэпэщІта лъэхъэнэм Тыркум и цІыхухэр посольствэм щыщхэм гуапэу къызэрыхущытар.

СОЗАЕВ - ГУРЬЕВ Егор.
«Известия»

● Украинэ

Савченкэ Донбассым къыщыщІедз

Дзэ къхъухьлъатэзехуэ, Украинэм и цІыхубэ депутат Савченкэ Надеждэ Урысейм къызэрыщаутІыпщыжу Донбассым кІуащ. Зыри абы пэплъакъым.

ЗЭРЫЖАІЭМКІЭ, Савченкэ Донбассым жэщу кІуащ. Къулыкъу къыдэзыщІа зауэлІхэм яхуэзащ, дэз вертолётым и штурвалыр иІыгъащ. Зауэр щекІуэкІ щІыпІэм нэгъуэщІ щыщІахэм зэкІэ я гугъу ящІыркъым.

Урысей журналистхэу Волошин Антонрэ Корнелюк Игоррэ зэрауклАмрэ хабзэм къемызэгъыу къэрал гъунапкъэр зэрызэпиупщІамкІэ ягъэкъуэншэри, Савченкэ Надеждэ ди къэралым илъэс 22-кІэ игъэтІысат. АрщхьэкІэ, абы и Іуэхум псалъэмакъыщхьэ дуней псом къызэрыщІамкъым къыхэкІыу, УФ-м и Президентым и унафэкІэ мы гъэм накъыщІэ и 25-м яутІыпщжащ. Абыкіэ къахъуэжащ урысей зауэлІхэу Ерофеев Евгенийрэ Александров Александркіэ. Украинэм терроист Іуэхугъуэхэр щалэжьауэ ягъэкъуэншэу ахэр Киев щалыгът.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, и хэку игъэзэжа иужькІэ Савченкэ лІыхъужьым хуэдэу ирагъэблагъэжащ. Радэ Нэхъыщхьэм щыхуагъэхьэзыра депутат щэнтхьэкІ ар заншІэу итІысхьащ икІи политикэ Іуэхухэм хуэхьащ. Украинэм и ищхъэрэ-къуэкІыпІэ лъэныкъуэм къызэрыщыщІидзами щхьэусыгъуэ пыухыкІахэр зэрилэм шэч хэлъкъым.

КИРИЛЛ Васильев.
«Труд»

● Хэхъныгъэ-2016

Кадыров Рамзан Шэшэным и Іэтащхьэм и къулыкъум иджыри щІобэн

Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэм апхуэдэ хъыбар щызэбгрыгъэхащ Инстаграмым щиІэ и напэкІуэцІым. Абы жиІащ Іэдэфтэрхэр хэхакІуэ комиссэм Іэригъэхьауэ.

«ДЭФТЭРХЭМ хэпльащ икІи мардэм кьеззэгъыу къальытащ. Сэ официальнэу жызоІэ, дызыхуэкІуэ хэхьныгъэхэр дуней псом щекІуэкІахэм нэхърэ нэхъ пэжу зэрыщытынур. Сэ си къалэн нэхъыщхьэ зыхъэслъагъуэр Шэшэн Республикэм и Іэп Президент, Урысейм и ЛІыхъужь Кадыров Ахъмэт-Хьэжь ирихьэжьа Іэхуэгъуэр, Шэшэн Республикэм и ціыхубэмрэ Урысеймрэ яхуэлэжьэныр, адэкІи гъэкІуэтэныращ», - щитхащ Кадыров Рамзан и Интернет напэкІуэцІым.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, иджыпсту Шэшэным и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэм и ПІалъэр. Абы щыщІэ, ІэкІыпІэ Урысейм и ЛІыхъужь Кадыровым и 5-м икІащ, ауэ Путин Владимир унафэ ищІащ фокІадэ хэхьныгъэхэм пщІондэ ар а къулыкъум къытринэну.

Нэхъапэ Іуэхкіэ Кадыровым жиІауэ щытащ и къулыкъум тегужьеикІауэ зэрыщымытыр икІи щІынапІэм и зыужьныгъэмрэ экономикэмрэ нэхъыфІу хэзыщІыкІ цІыху къыкъуэкІмэ, и щэнтхьейр абы хуигъэкІуэтэну зэрыхьэзырыр.

ИВЕРШИНЬ Аннэ.
«Комсомольская правда»

Уасэхэм хохъуэ

● ЖКХ

Бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщІэдзауэ коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІат пщІэм Урысейм ику ату проценти 4-кІэ щыхэхъуащ. Иужьрей илъэсхэм еплъытмэ, ар мащІэ дыдэщ. Нэгьабэ Іуэхутхьэбзэхэм щІат пщІэр процентиі 8,3-кІэ яІэтауэ щытащ.

ПЭЖЫР жьпІэмэ, ар ику ату запщІтэмэщ. Зэрыщыт дыдэмкІэ, щІыналъэ зэмылІуэжьыгъуэхэм уасэм зэрыщыхэхъуэнур зэхуэмыдэущ. Министройм зэрыщыжаІамкІэ, нэхъыбэ дыдэу уасэхэм щыхэхъуэнур Мэзкуу къалэмрэ (проценти 7,4-кІэ) Санкт-Петербургрэщ (проценти 6,5-кІэ). Псалъэм папщІэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыщыщІэхуеинур процентиі 3 къудейщ.

ДапхуэдизкІэ зэрыхэхъуэр?
Сыт а бжьыгъэхэр къызыхэкІыр?

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, дэтхэнэ щІыналъэми и тарифыр Правительствэм щхьэхуэу егъэув. Ар къеззэгъэ къемызэгъэр кьепщытэ къэрал антимонопольнэ Іуэхущ1ап1эм.

Иджыри гу зылъытапхъэ: «ищхьэкІэ» яІэувыр коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэм я тарифым зэрыхэхъуэнум и закъуэщ. Иужькіэ цІыхухэм кьаІэрыхьэж квитанцэхэм хохьэж псэупІэр къызэрагъэсэбэпымрэ ар зэрызэрахьэнум и уасэмрэ. Мыбы и щытыкІэм зэщІэщыкІынмыгъэшхуэ иІэфынущ, уеблэмэ щІыналъэм емылытауэ, унэ щхьэхуэ къэс зэхуэмыдэу. КъыбгурыІуапхъэщ, правительствэм зэрыува «ику ит» проценти 4-м хьыкъэр коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэм хуэзэм и закъуэщ.

Псом яйри зэхуэдэу щхьэ хэмыхьуэрэ?

Абы и щхьэусыгъуэр куэдыкІейщ. «Псалъэм папщІэ, электрокъарур щІапщІмэ, ар къызэралажьыр Іэмал зэмылІуэжьыгъуэ зыбжанэ мэхъу. Абы и уасэр елъытащ щІыналъэм атом, гидроэлектростанцэр зэрыщІыпм. Сыт хуэдэ ІуэхутхьэбзэмкІэ уасэр зэхэзыгъэувэжьр абы тарифэкІуадэ къаурмрэ ирахьэлІэ Іэмэпсымэхэмрэщ», - жиІэ Псэуалъэхэм Іуэхутхьэбзэ яхуэзыщІэ Іуэхущ1ап1эхэм я зэгуэхьэныгъэм и президент Креков Сергей.

Минстройм зэрыщыжаІэмкІэ, тарифхэм нэхъыбэу щыхэхъуэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр зэпхар коммуналнэ инфраструктурэр - кхъахэ зэрыхъуарщ. Мыдрейхэу, псалъэм папщІэ, илъэс блэкІахэм зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІа щІыналъэхэм уасэхэм зэрыщыхэхъуэн хуейр нэхъ мащІэущ.

Фэтэр куэду зэхэт унэхэр къызыхуятынщэу зэгъэпэщыжьын папщІэ хах пщІэм хэхъуэну?

Псори жыджэру зытепсэлъыхь «капремонт»-м ехьэлІар правительствэм игъэув уасэхэм хьыхьэрхьым. Ауэ Минстройм и пресс-Іуэхущ1ап1эм зэрыщыжаІамкІэ, мы гъэм абы и уасэм хагъэхъуэну мурад щыІэхъым.

Сыт пщІэнур коммуналнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр пхуэмыбытнумэ?

Субсидие щхьэкІэ ульэІуэнущ. Ар иратыпхъэщ ЖКХ-м, «капремонт»-рэ хэту, щІат пщІэм унагъуэм и хэхъуэм и процент гуэрым щигъуэу щытмэ. Щ1ыналъэ къэс ар зэхуэмыдэщ. Абы теухуауэ зыщІэлъущІэ хъунущ щІыхьэр социальнэу хъумэнымкІэ Іэнатіэм и щІыпІэ къудамэм.

АРАКЕЛЯН Еленэ, РУЧКО Софьа.
«Комсомольская правда»

● Іэщэщіэ

Чавес Угэ яукІауэ къалъытэ

Венесуэлэм и щІэныгъэлІхэм яубзыхуащ я президенту щыта Чавес Угэ зэрауКІа наноІэщэм и теплъэр.

2013 гъэм и гъатхэпэм и ныбжьыр илъэс 58-м иту Каракас и дзэ госпиталым Чавес щІэлІыхьащ. ИлъэситкІэ ар пэщІэтащ зыхьэ онкологие уэзыфам. Абы и хьэдэр щахъумэ Венесуэлэм и ціалащхьэм дэт Революцюм и музейм щІэт, скъарым ящыщІыкІа саркофагым.

Щ1эныгъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, Чавес Угэ и Іэпкъльпкъым лыих узыфэм и клеткэхэр хагъахьэным Америкэм и Штат Зэгуэтхэр 2003 гъэм щыщІадзауэ елэжьащ. «НаноІэщэм наночастицэ зэмылІэужьыгъуэхэр щІыхьэм иридзыфынущ, зэ зыбжанэ къигъэхъейуэ. Абыхэм ящыщыщ инфракрткІ, щхьэм щызэкІуэ лъыр къэгъэувыІэныр, бэуэкІэр къызэпыудыныр, акъылыр зэтекъуныр, уз зэрыщІалэхэр къегъэуэлІэныр, нэгъуэщІ куэдри», - жаІэ Венесуэлэм и щІэныгъэлІхэм.

КРИВОБОК Руслан.
ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ агентствэ

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

● Щэнхабзэ

Налыик къалэм Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм бадзэуэгъуэм и 5-м концерт гукъинэж щитащ Балъкъэр Къазбэч зи унафэщI «Хатти» ансамблым.

«Хатти» гупыр утыку къохьэж

ПIАЛЪЭКIЭ утыку имыхьа мы гупым и концерт программэр щIэщыгъуэу икIи гъэщIагъуэну зэраухуам къыхэкIыу, абы хуахаа сыхьэтитIыр псынщIэу блэлъэтащ. Макъамэр зи Iэпэгъу щIалэхэм - перкуссиер зыгъэбзэрабзэхэу Балъкъэр Къазбэчрэ Ныбжьк Азэмэтрэ, адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэ Увык Анзор, гитарэмрэ Iэпэпшынэмрэ хуэIэзэ Индрокъуэ Арсен, лъэпкъ пшынэмрэ Iэпэпшынэмрэ хуэIэкIуэлъакIуэ Иуан БетIал, бас-гитарэм фIыуэ хэзагъэ ХьэпцIэ Арсен сымэ - я лэжьыгъэ гъэщIэгъэнхэм, абыхэм къагъэщIэрэщIэжа адыгэ цIыхубз пшынаблъэхэм къызэхуэсахэр щIагъэдзIэащ. Куэдым ягу дыхьащ Битокъу Оксанэ зи пашэ гупым я къафэхэри.

Ансамблым хэт щIалэхэм пшыхьым къырихьэлIахэр зыщIагъэдэIуа адыгэ макъамэхэмрэ къафэхэмрэ кърата гукъыдэжыр къэIуэтэжыгъуейщ. Гупым я лэжьыгъэр ягу зэрыдыхьар къырагъэлъагъуэу, концертым еплъахэм абыхэм Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ, удз гъэгъахэмкIи яхуэзупсащ.

«Хатти» ансамблым хэтхэм фIыщIэ хуащIащ утыку зэрита лъэпкъ фащэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа дэрбзэр, модельер Сэралъп Мадинэ. Концерт нэужьым щIалэгъуалэм Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм и бжэIупэм джэгу дахэ щащIащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Хатти» ансамблыр 2005 гъэм Балъкъэр Къазбэч къыщзэригъэпэщащ. Гупым я лэжьыгъэр къафэм нэхъ тегъэщIауэ ирагъэжьами, щIалэхэм ята концертыр иджыри зэ щыхьэт текъуащ макъамэми зэрыхуэмыхамэр, абыи зэфIэкI хъарзынэхэр зэрыщаIэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трикащ.*



● Фэеплъ

Гу къабзэ зиIа Абыкъу Рамис

Рамис. *1970 гъэ*

ПщIэ зиIэу, нэмыс зыхэлъу, Iуэхуфlэхэр зи Iэрыкlыу псэуа цIыхур, дунейм ехьажами, куэдым я гум фIыкIэ кьонэ. Ар псэухэм яхэтщ гупсысэу, Iуэхущlафэу, дуней еплъыкIэу иIахэмкIэ, цIыхугъэрэ зэхэщIыкIыу бгъэдэлъахэмкIэ. Апхуэдэущ, куэдым я щапхъэрэ я гъуаэзущ, зэрыпсэуар егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэу, гъэсакIуэ нэсу, адыгэлI щыпкъэу дунейм тета Абыкъу Рамис Болэт и къуэр. А цIыху псэ къабзэр дунейм зэрехьыжрэ куэд щIакъым...

АБЫКЪУР Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм хьыкъ Первомайское (ятэм абы зэреджэр Абыкъухьэблэт) къуажэм 1940 гъэм къыщалъхуащ. Хъыджэбзищым тралъхуа щIалэ цIыкIум хуабжьу щыгуфIыкIат и адэ-анэри пIэлъэкъым и нэхъыжьхэри. КъызыхэкIа уэркъ лIакъым хуэфащэу, Iущу, жыджэру къэхъу сабийр пасэу тхылъым дихьэхащ икIи школми фIы дыдэу щеджащ. ЩIэныгъэм, егъэджэныгъэм зи гъащIэ псор хуэзыгъэпса Абыкъум Iэщlагъэ хуэхъунур пасэу иубзыхуакIэт. Школым щыщIэс лъэхъэнэм ар щIэхъуэпсырт щIэблэм щIэныгъэ яриту, игъасэу лэжьэну, апхуэдэ чэнджещхэр щIалэм кьратырт и егъэджакIуэхэмри. Курыт школыр екъуIэныгъэкIэ 1961 гъэм кьиуха нэужь, Рамис еджэным щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм.

ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр зэзыгъэгъуэта щIалэщIэм 1966 гъэм лэжьэн щыщIидзащ Терекскэ (Болэтэй) къуажэм Къардэн Сэхьэд и цIэр зэрихьэу дэт курыт школым. Куэд дэмыкIыу Абыкъур ягъэкIуащ Сэрмакъ къуажэм дэт курыт школ №1-м. ЕгъэджакIуэ щIалэр абы илъэсищкIэ урысыбзэмрэ литературэмрэ щригъэджащ. Зэрылажьэм хуэдэуэрэ, тхыдэмрэ географиемрэ щхьэхуэу хуеджэжащ.

1970-1971 гъэ еджэгъуэм ирихьэлIэу Рамис Iэпхъуэжащ къыщалъхуа и жылэм икIи абы дэт курыт школым тхыдэмрэ географиемрэ щригъэджащ илъэсиблкIэ. 1977 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 25-м нэскIэ Абыкъум щIэблэм яригъэджащ урысыбзэмрэ литературэмрэ. ЕгъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм зэман кIэщIым къриубыдэу иубзыхуат езым и Iуэху зехьэкIэ мардэхэр, методикэ купщIафIэр. Дэтхэнэ и дерсри ящIэгъэнэу зэриухуэным, зэрыригъэкIуэкIым хущIэкъу зэпытт ар. Бзэм и хьэлэмэтагъэр, литературэ тхыгъэхэм я купщIэр ныбжьыщIэхэм зэрызахриГъэщIэным дапщащи яужь итащ Рамис. ЕгъэджакIуэ Iэзэр апхуэдэуи гъэсакIуэ хьэлэмэтт, зэхэщIыкI лъагэрэ гулыпытэшхуэрэ зиIэ цIыхут. Апхуэдэу ар нэгъэсауэ хуэIэкIуэлъакIуэ унафэщI лэжьыгъэми. Урысыбзэмрэ литературэмрэ зэрыригъэщIым къыдэкIуэ, школ унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и куэдзэу илъэс куэдкIэ лажьащ Абыкъур.

- Къытщlэхъуэ щIэблэр фIым хуэзыущIий, абы и акъылым зиужьыным къару езыхьэлIэ дэтхэнэ лэжьакIуэми пщIэ лей хуэфащэщ. А къалэнхэр псом япэ зи пщэ къыдэхуэхэм ящыщщ школым щылажьэ егъэджакIуэхэр. Апхуэдэт егъэджакIуэ Iэзэ, гъэсакIуэ щыпкъэ Абыкъу Рамис, - жеIэ Абыкъур фIыуэ зыщыхуу, абы гупсысэрэ Iэзху зехьэкIэ бгъэдэлъым нэгъэсауэ щыгъэззу щыта, филологие щIэныгъэхэм я доктор БакIуу Хъанджэрий. - Рамис сыт хуэдиз фIыщIэ псалъэ хужьIэми, мащIэу къыщохъу, сыту жьпIэмэ ар и къаруи и зэмани емыблэжу хущIэкъуащ гъэсэныгъэ екIуэр щIэныгъэ куурэ ныбжьыщIэхэм ябгъэдэлъхьэным. Гушхуэ зыкIуэщIыпь цIыху псэ къабзэу дунейм тетащ Абыкъур. Аращ абы и лIэныгъэр хуабжьу дигу къыщIеуар, и фэеплъыр фIыкIэ ягу къыщIинар иригъэджахэми, къыдэжьахэми, къэзыцIыхуу щытахэми.

IэщIагъэлI гъуэзэджэу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ ахъырзэману зэрыщытам къыдэкIуэу, Рамис щхьэгъусэ тыншт, адэ щабэт, адэшхуэ Iэфт. Рамисрэ и щхьэгъусэ Марьямрэ (ар Къардэнхэ япхъущ) бынитху зэдагъэщтащ: Зарифэ, Залинэ, Фариз, Болэт, Камилэ сымэ. Дэтхэнэми ирагъэгъуэтащ лъэпкъ гъэсэныгъэ екIуэрэ гъащIэм зэрыхэтын щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ. Нэхъыжьыфlхэм гъащIэ дахэ зэдрахьэкIащ, я бынхэм я ехъулIэныгъэхэм игъэгушхуэу, я къуэрылъху-пхъурылъхухэм я Iэфlагъыр гурэ псэкIэ зыхащIэу.

- Абыкъухэ я унагъуэр узэхъуэпсэным хуэдэу къеIуэкIащ дапщащи, - жеIэ Рамис и шыпхъу нэхъыжьым и къуэ, Налшык дэт кардиологие сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Щэрдан Нодар. - А унагъуэм иль хабзэмрэ нэмысымрэ я къежьапIэр, дауи, нэхъыжьыфlхэм я деж щыIэщ. Си анэр я нэхъыжьу зэшыпхъуищым я дэлъху закъуэт Рамис. ЩIалэ закъуэр игъэфIэным и пIэкIэ, и шыпхъухэм ящыщ дэтхэнэми набдзэгубдзапIуэу, гуапэу, псэ зэIуахуэ яхущытт езы Рамис. Абы и дуней тетыкIэр дапщэщи щапхъэт ди дежкIэ. Плъагунутэкъым ар къэгубжьагъуэ, кIийуэ, ищIэнрэ жиIэнрэ имыщIэуи зэи щытакъым. ЖыпIэнурамэ, егъэлеяуэ цIыху зэпIэзэрытт, щыпкъэт ди анэ дэлъхур. Литературэр, псом хуэмыдэу усыгъэр фIыщIэу зыльъагъу Рамис гъэхуауэ, екIуу гукIэ кьеджэфырт усэ куэд. Езыми усэ итхырт. Адыгэ узэрдэхэри дахэу жиIэрт творческэ зэчий куэд зыбгъэдэльа а цIыху дахэм.

Абыкъу Рамис Болэт и къуэр псэуащ и лъэпкъым, къыдэкIуэтей щIэблэм я ехъулIэныгъэм папщIэ. «Нобэ дунейм ехьжами, хэльа цIыхугъэ лъагэмрэ гулыытэ инымкIэ Абыкъу Рамис сыт щыгъуи ди гъусэщ. ЖэнэткIэ Тхьэм игъэгуфIэ. И ужьыр махуэ тхухуу ди егъэджакIуэм и нэхъыжьхэм яухуауэ щыта ди Абыкъухьэблэмри Абыкъу лъэпкъми», - апхуэдэ псалъэхэр щыIурт Рамис и дыуэщым...

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм илъэс 35-м щIигъэкIэ пэрыта лэжьакIуэ IэкIуэлъакIуэм, ныбжьэгъу пэжым, ущиякIэ Iаззм, адэ, адэшхуэ Iэфlым и фэеплъыр сакъыу яхъумэ и унагъуэм исхэм, ар куэдрэ ягу ихунукъым иригъэджахэм, къыдэлэжьахэм, зыцIыхуу щыта псомиз. Езыр щымыIэжми, Абыкъу Рамис и цIэр цIыхугъэ лъагэм и щапхъэ яхурярехьу лъэпкъым къыщIэхъуэ щIэблэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Тхылъыщ1э

Кавказым и куэщIым щитхащ

Грознэ къалэм къыщыдэкIащ тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, публицист, Урысейм и Тхакъуэхэм я союзым хэт Пряжников Александр и «Россия. Юг, который мы не знаем» тхылъыр. Художественно-публицистикэ гъэпсыкIэ зиIэ тхылъым итщ Урысейм ис лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я тхыдэм, хабзэхэм, щэнхабзэхэм ятеухуа гъэщIэгъуэн куэд, нэгъуэщIу жыпIэмэ ар - тхакIуэм Кавказым теухуа и гупсысэхэр къызэрызэщIикъуэжщ. «Мыр Кавказым и лъагъуэхэр уэзыгъэщIыу тхылъкъым. А щIыналъэ абрагъуэм и щIыдэлъку лъэпкъэр къэсцIыхуху, абыхэм я тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм нэхъ зыщIэгъэгъуэзэжу, Кавказым теухуауэ сщIэр зэрымащIэ дыдэр нэхъри хьэкъ сщоху», - жеIэ Александр. Тхылъым итщ Сочэ, Налшык, Мейкъуапэ, Грознэм, Осетием, Ингушым щилъэгуахэм, щIыпIэ дахэ зытхьэкъуахэм, Кавказым ис лъэпкъхэм я шхыныгъуэхэм, я шыфсIыфрэм, я псэлъафэхэм ятеухуа тхыгъэхэр.

«Подкова на счастье» зыфIища Iыхьэм ар щытопсэлъыхь Налшык. Кьалэм и цIэр къызытекIам теухуа гупсысэхэмкIэ кърегъажьэри, абы щилъэгуауэ зытхьэкъуахэм къыптоувIэ. ЗыщепIыхь Хьэтlохъущокъуэм и жыг хадэм, захуегъаэз бгы абрагъуэхэм, ятопсэлъыхь КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ. Дауи, гу лъимытэу блэкIакъым адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ хьэщIэкIэ зэрыфIми. Пластэр, джэдлыбжьэр, хьыршыныр къызэрыуIэфIари жеIэ. «Пушкин. Лермонтов. Толстой» Iыхьэм зи гугъу щищIыр Кавказым хуауса тхыгъэшхуэхэрщ. ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэ Нэгумэ Шорэрэ илъэс пщыкIуэ зи ныбжь Лермонтов Михаилрэ зэгуэр зэхуэзауэ, зэрыщIыхуауэ зэрыщытам щыхьэт техуэу хъыбархэри итщ. Кавказым и теплъэм дихьэхыу зыщыщIэлIлъхьэ Пряжниковым и тхылъым итщ щIыпIэ дахэхэр къызэрыщIэсурэтхэр. Абыхэми куэд къыбжаIэ.

Пряжниковым и лэжьыгъэшхуэм лъэтеувэ щыхуащIащ ар къыщыдэкIа Грознэ кьалэмэ, Налшык щыIэ литературэ хьэщIэщми. Къыхэгъэщыпхъэщ Грознэм къыщыдэкI «Нана», Налшык къыщыдэкI «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм я редакционнэ советхэм Александр зэрыхэтыр. Ди гугъэщ тхылъым куэд дихьэхыну.

ГЪУЭТ Синэ.

Лэжьыгъэкlэ къызэрагъэпэщ

Тезырхэр егъэшынымыкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и ИК-1-м исхэр тутнакъ лажьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным бгъэдыхьэкIэщIэхэр къыхуагъуэт. Абы и щыхьэтщ Каменкэ дэт колоние №1-м «Рабица» хъар лIэужьыгъуэрэ гъущI кIапсэрэ щащI зэрыхъуар.

2016 ГЪЭМ и мэкъуэгъуэм къаIэрыхьа хэхъуэм къыхэкIыу къащхъуащ сом мин 759,8-рэ зи уасэ станокитI. Абыхэм я фIыщIэкIэ цIыху 12-кIэ нэхъыбэ хъуащ лэжьыгъэ зиIэхэр.

Мы зэманым ахэр смениIу йолэжь гъущI кIапсэ метр 61000-рэ «Рабица» хъару метр 2250-рэ къыщIэгъэкIыным.

- Туртнакъэр зэрылажьэм Iэмал къарет суд унафэкIэ япшынын хуей мылъкур лей зытехьам иратыжину, езыхэри хуит щыхъужьым ирихьлIэу сом гуэр яIэну, - жеIэ Урысей ФСИН-м и Iуэхущlапlэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Мэржэкъу Мухьэмэд.

ЗЭБАР Мадинэ,
Урысей ФСИН-м и Iуэхущlапlэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ.

ЩIэпхъаджащIэ зэщIэузэдахэм я дэIэпыкъуэгъур ягъэтIысащ

Урысейм Щынагъуэншагъэмкlэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм хабзэм къемыязгъэуу Iэщщкlэ зыззащIэзыуэзэда щIэпхъаджащIэ гупхэм хэтхэр къэлъыхъуэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIым яубыдащ Щэджэм къалэм щыщ, 1985 гъэм къалъхуа цIыхур.

КъЫЗЭРЫЩIЭКIАМКIЭ, 2013 гъэм и гъатхэпэ мазэм щегъэжьауэ 2014 гъэм и жапуэгъуэ мазэм нэсыху ар лъэныкъуэ куэдкIэ ядэIэпыкъуащ щIэпхъаджащIэ гупхэм хэтхэм ящыщу федеральнэ Iэнатlэм къыщалъхьэхэм. Iуэхум хэплъэри, Шэджэм район судым ар УФ-м и Уголовнэ кодексым и 208-нэ статьям и Iыхьэ етIуанэмкIэ игъэкъуэнщащ икIи илъэситхукIэ тутнакъэщым исын хуейуэ къилъытащ.

УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Къэралым Iэщlэмылъ пенсэ фонд нэхъыфI дыдэр зыгъэлажьэр Хъумапlэ банкырщ

Къэралым Iэщlэмылъ пенсэ фонд нэхъыщхьэу Урысейм щыIэхэм ящыщу 61-м я рейтингыр щыгубзыхум. нэхъыфI дыдэу къалъытащ УФ-м и Хъумапlэ банкым игъэлажьэ апхуэдэ Iуэхущlапlэр.

2016 ГЪЭМ и апэ кварталым къэралым Iэщlэмылъ пенсэ фонд псомкI къызэщIагъэIуа ахъшэм къыщIигъуам и процент 35-р къызэзыгъэпэщар аращ. Страховандэм къызэщIыбгъдэ цIыхухэм я бжыгъэмкIи абы зыри лъэщIыхьакъым. Мы пенсэ фондым ахъшэ хэзылъхьэхэм я бжыгъэр 2015 гъэм цIыху мелуани 3,7-рэ хъууэ щытамэ, къыкIэлъыкIуэ мазищым къриубыдэу ахэр цIыху мелуан 4,2-м нэсащ.

Хъумапlэ банкым къэралым Iэщlэмылъ и пенсэ фондым и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Футбол

Зэхьэзэхуэм и пэ къихуэу

Бадзэуэгъуэм и 11-м Урысей Федерацэм футболымкIэ и апэ дивизионым щыщIидзэнущ 2016-2017 гъэхэм екIуэкIыну зэхьэзэхуэм. Мыдрыкъ зэрамыIэм къыхэкIыу илъэситIкIэ къэтаущ, иджы ахэр хэтынущ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэри.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ ерыщу зыхуэзэгъэхьэзыр ди щIалэхэм иужьрей махуэхэм зэныбжьэгъугъэ зэIущIитI иратегъэкIуэкIащ. «Спартак-Налшыкым» и хьэрхуэзэгъуэ щытар иджыблагъэ зыхэта етIуанэ дивизионым и командэзрщ.

Апэу, махуэку кIуам, налшыкджэхэр Нартсанэ (Кисловодск) кьалэм щаIуэщIащ Белгород и «Энергомаш»-м. 2015-2016 гъэхэм етIуанэ дивизионым и «Центр» гупым абы етIуанэ увыпIэр щиубыдат икIи ныкъуэкъуэгъу лъэщу къыщIэкIащ. Ежащ, «Спартак-Налшыкым» нэхъыбэу щыджэгуар зыхагъэхьэну зыкIэлъыплъэхэр. Кьапщтэмэ, «Краснодар» командэм цIыхитху зэзгъэгъуэнгъэкIэ къаригъащ. КъэщIэгъуейщ апхуэдизыр «Спартак»-м ди республикэм и кьалэщхьэм щыIущIащ. Осетие Ищхьэрэм и футбол командэ нэхъыщхьэм дяпэкIэ зэреджэнур апхуэдэущ. Иужьрей илъэсхэм зэрихьа «Алания» фIэщыгъэщIэм имыпшыныжа щIыхуэ куэд иджыри зэрытелъым къыхэкIыу осетинхэм зэкIэ ар къагъэсбэзэн хъунукъым, я счётым кьихьэ ахъшэр занщIэу ирахынущи.

Ди гъунэгъуэхэм налшыкдзэхэм зэрапэщIэтын къару къакъуэкIакъым. «Спартак-Налшыкым» 5:0-у ятэ ипща иужькIэщ абыхэм зыгуэркIэр щахуэзфIэкIар. Апхуэдэу щытми, 5:2-уэ ди щIалэхэр текIуауэ джэгур зэрирахэм псори наIуэ ещI. ЗэпыщIэм ныкъуэжаныкIащАхриев Хьэсэн, Гугуев Магомед (тIэунейрэ), Войнов Денис, Бажэ Амир сымэ.

Налшыкдзэхэм яхэту иужьу джэгуащ гъуащхьэтет Антиповыр, гъуащхьэхъумэжу Мэкъуауэр, Кузнецовыр, Мурачёвыр, Дашаевыр, Соблыпыр, гъуащхьэхъумэныкъуэжу Войновыр, Крамаренкэ, Дроздовыр, Багэтырыр, Ахриевыр, Каркаевыр, Балъкъэрыр, гъуащхьауэхэу Бажэмрэ Гугуевымрэ.

Владикавказ и «Спартак»-м дригъэкIуэкIа зэныбжьэгъугъэ зэIущIэмкIэ иуауэ «Спартак-Налшыкым» апэ дивизионым щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыныр. Блищхьэ къакIуэ, бадзэуэгъуэм и 11-м, абы зэпеуэм и апэ зэIущIэм къыщригъэблагъэнущ мазитI и пкIэ премьер-лигэм хэта Краснодар и «Кубань»-р.

ХЬЭТАУИслъам.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр I994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хуэзэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къаншокъуэ Эльэ,** *редактору* **Багэтыр Луизэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Мариэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №952